



## Odisyon Piblik sou Plannifikasyon

# BROCKTON – Amelyorasyon Entèseksyon ak Travay sou sa nan kafou Centre Street (Wout 123), Cary Street ak Lyman Street

### Sa k ap pase ?

Rezon pou Odisyon Piblik sou Plannifikasyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann kisa yo pwopoze pou pwojè Amelyorasyon Entèseksyon Centre Street (Wout 123) ak Cary Street ak Lyman Street la, nan Brockton, MA. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan odisyon an pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

### Ki konsekans sa pral genyen pou ou ?

Entèseksyon nan pwojè a parèt nan lis MassDOT la, nan pami 200 kote ki konn gen plis kolizyon nan tout Eta a pandan kèk lane ki fenk pase yo. Paske pa genyen bann pou vire agòch, sa lakòz pwoblèm sekirite ki konn mennen kolizyon oblik ak frape oto dèyè, an menm tan ak konjesyon ki fè veyikil ijans yo konn pran reta lè yo prale oswa ap soti nan Brockton Hospital ki tou pre a. Enfrastrikti pou pyeton ak bisiklèt ki la kounye a bezwen amelyorasyon. Distan ant twotwa yo twò kout pou fasilite tout kalite veyikil. Pwojè a pwopoze rebati entèseksyon an, pou mete bann pou vire agòch sou Wout 123, ak ranplase ekipman pou siyal la pou li bay endikasyon anlè tèt trafik la, ak pou modènize enfrastrikti pou pyeton ak bisiklèt yo dapre estanda ki genyen kounye a.

### Kilè

Madi 26 avril 2022,  
7:00 - 8:00 pm

### Pou Patisipe

[www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings](http://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings)



**Tanpri sonje sa, gen yon estennograf ki pral retranskri sa ki pase nan reyinyon an.**  
**Gade nan adrès [www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings](http://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings) pou plis enfòmasyon.**



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa fin pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nimewo faks (857-368-0602), relè 7-1-1, oswa nan adrès elektwonik [MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrab davans, anvan jou reyinyon an.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou, nan adrès elektwonik [MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us](mailto:MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us)  
Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a :  
**Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention Project Management, PROJECT FILE NO. 609410**